

# CHEMEN RENMEN AN

## PRIYÈ POU ASANBLE A FÈ

Se yon priyè Reveran Allison English, nan Calvary Episcopal Church, Cincinnati, Ohio te prepare.

Seri priyè sa a pou asanble a enkòpore 7 mouvman/rit règ lavi Achevèk Curry te lanse envitasyon ban nou pou nou pratike Chemen renmen an, nan konvèsasyon nou ak Labib epi ak Liv Priyè Toulejou a. Chak fwa nou rele Bondye nan nonmen n ap nonmen non Jezikri dapre sa ki di nan bib la.

Fòm priyè sa a adopte mòd priyè ki nan Liv Priyè Toulejou a priyè pou asanble a Fòm I, priyè pou ofrann ak entèsasyon pou:

- Legliz Inivèsèl la, manm li yo, ak misyon li
- Pou tout pèp la ak tout otorite k ap dirije pèp la
- Pou byennèt lemond antye
- Pou sa k ap enkyete kominote lokal la
- Pou sa k ap soufri oubyen sa ki nan nenpòt pwoblèm
- Pou sa k ale yo( ak komemorasyon yon sen lè sa apwopriye)

Ann priye

Bondye ki kreye nou an, ak gras pitit ou a, Senyè nou an, òdone nou pou VIRE nan direksyon Chemen renmen li an. Ak sa nou kapab suiv Jezikri ansanm etan yon pèp ki fidèl, n ap pran yon ti pòz, ann koute, epi n ap reponn ak lapriyè, ann di: **Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Jezi, lavi w, lanmò w, rezirèksyon w ak monte ou monte nan syèl la enspire legliz la pou nou kontinye mache nan chemen ansèyman apot yo montre nou yo epi ak amou fratènèl. Montre pèp ou a kouman pou yo APRANN pawòl ou a, ak sa n ap kab wè levanjil la ap devlope nan mitan nou. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Pitit Bondye a, ou te reponn apèl Papa w te ba wou nan LAPRIYÈ e ou mande pou nou fè yon sèl. Gide lidè yo ak moun ki gen lafwa yo pou yo reponn apèl Bondye ba yo a nan devlope bon rapò youn ak lòt nan konpasyon —ak lide epi ak aksyon, ak pawòl oubyen san yo pa di yon mo—kon sa moun Peyi [site non peyi a] kab viv nan tèt ansanm epi nan lapè. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Limyè latè a, ou te aprann nou ADORE an espri epi an verite. Gide nou pou nou met tèt ansanm ak lòt moun pou nou rekonèt jan Bondye sen, kon sa lemond antye va fè yon sèl nan verite renmen w lan. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Senyè, ou te vin sou latè pou w te sèvi moun men pa pou moun te sèvi w. Ban nou fòs pou nou youn BENI lòt ak vwazen nou yo tou nan [vil sa a, nan bouk sa a epi nan kanton sa a], kon sa espri renmen bay ou a, ak konpasyon wou an, epi devosyon ou nan aksyon kapab transfòme nou epi transfòme moun ki pami nou yo. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Sovè nou an, ou te vin pami nou kon sa nou kab gen lavi. Ban nou fòs ak kouraj pou nou ALE pami sila yo ki fatige, ki malad, ki nan prizon, [espesyalman sila yo n ap site non yo nan kè nou oubyen avivwa] kon sa nou kapab viv tankou wou, nan janbe lizyè epi travèse fontyè ki divize sa k rich ak sa ki pòv, sa k malad ak sa ki gaya, pechè ak sen. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Mouton Bondye a, mouri ou mouri pou nou an sa detui lanmò epi ou montre nou chemen lavi ki pap janm fini an. Fè nou mouri chak jou epi pou nou REPOZE nan gras ou. Se pou tout moun ki te mouri, [Non entèl, non entèl...] repoze an pè epi pou yo leve nan laglwa. N ap priye ansanm,  
**Jezikri, gide nou al sou chemen ou.**

Moun k ap dirije sèvis la ofri koleksyon final la:

Senyè Jezi, ou menm ki te bay lavi w pou nou tout, nou ap remèt lavi nou nan men wou pou nou suiv ou. Kontinye gide nou nan chemen w lan epi rale nou vin sou wou nan yon vi etan yon Kominote Tout Moun Renmen nan tan sa a epi nan tan k ap vin pita yo, paske w ap viv e w ap dirije ak Papa epi ak Lespri Sen an depi kounye a epi pou tout tan gen tan.

**Amèn.**